

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Sanggeus ngayakeun panalungtikan, nganalisis tur ngabandingkeun antara sumber tinulis saperti kamus, buku jeung hasil wawancara, bisa dicindekkeun sababaraha hal saperti ieu di handap.

- 1) Kasenian penca silat mangrupa wujud budaya, hasil cipta, rasa jeung karsa masarakat jaman baheula nalika ngabela atawa nyalametkeun diri ti musuh. ku robahna jaman, robah ogé pola pikir manusa, kitu ogé penca silat anu robah pungsi kiwari jeung baheula, jaman baheula mah penca silat dipaké pikeun mertahankeun diri, kiwari penca silat robah jadi seni pintonan anu dihibur ku gerakan-gerakan beladiri.
- 2) Numutkeun dina kamekaranna ayana Penca Silat luyu jeung kamekaran manusa, ku kituna penca silat mangrupa budaya titinggal karuhun. Katitén dina tujuan utama penca silat nya éta salaku ngabela diri, nyalametkeun diri ti gangguan musuh, saperti sato anu galak, ngalawan *penjajah*. Éta kajadian mangrupa ciri yén penca silat ayana ti jaman baheula nalika manusa ngalawan sato anu galak nepi ka jaman merdeka.
- 3) Dina kasenian penca silat Panglipur Kalurahan Balééndah Kacamatan Balééndah Kabupatén Bandung kapaluruh 159 (100%) istilah di antarana : istilah dina widang jurus aya 30 (19%), istilah dina widang pakakas atawa properti aya 10 (5,3%), istilah dina widang gerakan aya 42 (27%), istilah dina widang ngaran guru aya 6 (3,7%), istilah dina widang waditra jeung panunjangna aya 13 (7,2%), istilah dina widang pasamoan aya 6 (3,7%), istilah dina widang papatah guru ka murid aya 14 (4,8%), istilah dina widang ngaran gelar aya 6 (3,7%), istilah dina widang naékan élmu aya 3 (2,5%), jeung istilah budaya anu nyampak dina seni penca silat aya 10 (5,3%).
- 4) Salian ti istilah anu ilahar dipaké dina penca silat, ogé aya tuturan ti guru penca silat, diantaranya : “*Ulah Sina Nyeri Tapi Kudu Sina Ngarti*”, “*Ulah Siga Indit Tapi Cicing Tapi Kudu Siga Cicing Tapi Indit*”, “*Penca Gambaran*

Kakuatan, Agama Gambaran Kaalusan”, “Kakuatan Tanpa Kaalusan Durjana, Kaalusan Tanpa Kakuatan Héngkér” jeung “Penca Gambaran Gelut Tapi Lain Keur Gelut Tapi Bisa Dipaké Keur Gelut”.

- 5) Istilah-istilah anu aya dina kasenian Penca Silat bisa dijadikeun bahan pangajaran maca bahasan ngeunaan kasenian ka siswa SMA kelas XII.

5.2 Saran

Minangka bagian ahir tina ieu pedaran, dipidangkeun saran-saran saperti di handap.

- 1) Ieu panalungtikan saukur bisa ngungkab pasualan-pasualan sacara gurat badagna wungkul, sarta wengkuan tempat panalungtikan anu kacida heureutna. Ku kituna, perluna aya panalungtikan anu séjén anu leuwih jero tur gembler dina tempat panalungtikan anu leuwih lega.
- 2) Ieu panalungtikan dipiharep bisa nambahan élmu pangaweruh siswa sarta masarakat umum, hususna pikeun mikawanoh salah sahiji kabeungharan budaya anu kudu diajénan sarta dimumulé.
- 3) Lian ti éta, ieu panalungtikan téh bisa dijadikeun *référénsi* bahan ajar pikeun guru-guru dina prosés pangajaran di sakola. Lian ti bahan ajar pikeun maca bahasan ngeunaan kasenian di SMA, istilah kasenian ogé bisa dijadikeun bahan ajar kandaga kecap, pikeun siswa di jenjang SMP sederajat jeung SMA sederajat.